# Global Storybooks

globalstorybooks.net

## Desizyon

Ursula Nafula
Vusi Malindi
ACE Haiti-University of Notre Dame USA

This work is licensed under a Creative Commons Attribution 4.0 International License.
https://creativecommons.org/licenses/by/4.0

# Desizyon

Ursula Nafula
Vusi Malindi
ACE Haiti-University of Notre Dame USA

2

krèyol ayisyen ht

Kominote kote'm rete an gen anpil pwoblèm … Nou blije kanpe nan yon liy byen long pou nou pran dlo nan yon grenn tiyo.

Se lòt moun ki bannou manje.

Nou fèmen kay nou bonè paske nou pè vòlè.



Nou tout di nan menm moman an “Nou dwe chanje lavi nou.” Depi jou sa a nou mete tèt nou ansanm pou nou jwenn solisyon nan pwoblèm nou yo.

Yon gason leve pou'l di: “Gason yo kapab fouye yon pwi.”



Anpil timoun kite lekòl.

Ti jèn fi yo ap travay kòm sèvant nan lòt kominote.



Yon fi leve pou'l di “Fi yo kapab ede nan fè jaden.”

Jima, yon ti gason wit lane ki te chita sou yon branch pyebwa di “Mwen kapab ede nan netwaye.”



Ti gason yo ap flannen nan kominote a pandan ke lòt ap travay nan jaden moun.

Lè gen van, papye fatra al koke sou pyebwa ak nan lantiraj yo.



Papa’m kanpe pou li di “Nou bezwen mete tèt nou ansanm pou nou jwenn solisyon nan pwoblèm nou yo.”

Moun yo chita anba yon gwo pyebwa pou yo koute sa kap di.



Moun te konn blese ak vè kase ke lòt moun jete atè a.

Enpi yon jou tiyo an pat gen dlo ladan’l ankò. Tout bokit te vid.



Papa’m deside ale kay chak moun pou’l mande yo vini nan reyinyon kap òganize nan kominote a.